

State Road (SR) 5/US 1/Overseas Highway soti nan Mile Marker (MM) 36.6 rive nan MM 38.4

Nimewo Idantifikasyon pwojè a: 447806-1-52-01

FDOT KONPAS

FDOT pran angajman pou li asire enfrastrikti Eta a sèvi rezidan, biznis, ak vizitè pou reponn a bezwen yo genyen nan kesyon transpò kounye a epi pi devan. Men avantaj pwojè sa a:

KOMINOTE

- Reasfalte wout Florida Keys Overseas Heritage Trail (FKOHT) pou amelyore depasman moun nan zòn nan ak depasman touris

SEKIRITE

- Reyamenaje bò lari yo pou akomode moun machin ap depoze
- Amelyore kloti an metal arebò lari a ak kote ki konekte ak pon yo
- Plante gazon nan kote ki pa asfalte sou bò wout yo ak sou pant yo
- Ranplase epi reyamenaje pankad ak sa ki make atè nan lari yo

RESILIANS

- Reasfalte wout la epi retrase liy atè yo pou prezève wout la pou pi lontan

DEVLOPMAN MENDÈV

- FDOT pran kontraktè ki nan zòn pou fè travay yo pou pote avantaj ekonomik pozitif pou kominote a

ENFÒMASYON SOU LIY TRAFIK YO PRAL FÈMEN

Y ap fè travay yo etap pa etap pou konstriksyon an pa twò deranje moun nan zòn nan. Yo kab fèmen wout yo nan lè sa yo:

- 9:30 p.m. a 5:30 a.m., Dimanch - Jedi

Lòt lè y ap fèmen pòsyon wout MM 36.6 rive nan MM 37:

- Lendi a vandredi depi 9è a.m. pou 4 p.m.
- Vandredi (nan direksyon nò sèlman) depi 9è a.m. pou 4è p.m.

Y ap fèmen wout Florida Keys Overseas Heritage Trail lè y ap reasfalte wout sa a. Y ap bay machin lòt kote pou yo pase.

TOUJOU METE SEKIRITE A PREMYE

Pou sekirite w ak sekirite lòt moun, tanpri pran prekosyon lè w ap kondwi, mache oswa monte bisiklèt nan nenpòt zòn konstriksyon. Pou enfòmasyon sou trafik an tan reyèl, vizite: www.fl511.com.



MEN SA NOU DWE ATANN

Y ap fè travay yo etap pa etap pou travay yo pa twò deranje moun nan zòn nan. Liy trafik y ap fèmen tanporèman yo kab gen efè sou sikilasyon an nan lè ki pa gen anpil trafik. Y ap afiche byen klè tout lòt wout pou machin pase. Y ap kite wout pou moun antre soti nan pak piblik Bahia Honda State Park la.

Y ap bese limit vitès la soti nan 55 mil a lè desann nan 45 mil a lè sou tou wout kote y ap bati pwojè a.

KALANDRIYE

Jen 2024 – kòmansman 2025

PRI KONSTRIKSYON AN

4.64 milyon dola

KOTE YO PRAL FÈ PWOJÈ A

Monroe County

Bahia Honda State Park

Avi: Sa posib yo kab chanje dat yo.



KONTAKTE

FDOT Konsilan Espesyalis Sensibilisation Kominotè
Julie Brown | Julie.Brown@dot.state.fl.us | 305-927-1479

SWIV NOU



SOUTHFLROADS.COM

Eskane kòd QR la pou mizajou pwojè yo.

